

ENSTITI KÈ AK LASANTE NÒDWÈS Fomilè konsantman HIPAA pou malad

Non malad la _____

Dat li fè: _____

Avi sou zafè lavi prive.

_____ (Inisyal malad la) Mwen rekonèt ke m resevwa yon apèsi sou « Lavi Prive », kote yo esplike kòman yo sèvi ak enfòmasyon sou sante m, pou tretman, pèman, ak lòt aktivite. Mwen konprann ke mwen gen dwa kontakte Ofisye yo pale nan dokiman an si m vle poze l kèk kesyon oubyen si m vle fè yon plent. Nan kad lalwa, mwen dakò pou yo sèvi ak enfòmasyon sou sante m oubyen pou yo kite lòt moun konnen l, jan dokiman an mande.

Piblikasyon Enfòmasyon _____ (Inisyal malad la) Mwen otorize doktè ak moun k ap travay nan zafè lasante, pou yo pibliye enfòmasyon sou sante m, nan domèn tretman, pèman, ak lòt aktivite lasante.

Si mwen te entène anvan nan yon lòt lopital HCA, lopital mwen ye koulye a kapab sèvi avèk ansyen enfòmasyon sa yo pou ban m bon jan tretman. Yo ka voye enfòmasyon sa yo bay tout moun ki enterese nan zafè peye pou moun malad la, oubyen ki vle verifye ki kalite asirans malad la genyen. Si mwen fè yon reklamasyon kòm travayè, yo ka voye enfòmasyon sa yo bay patron m tou.

- Si mwen gen asirans Medicare oubyen Medicaid, mwen otorize yo voye enfòmasyon sa yo bay biwo Sekirite Sosyal oubyen voye yo bay entèmedyè ki travay ak Medicare oubyen Medicaid. Enfòmasyon sa yo ta sipoze genyen rezilta egzamen laboratwa, rapò sèvis dijans, lis maladi malad la te soufri, nòt doktè, nòt enfimyè, abitud ak alkòl, papye egzeyat, etc...
- Lwa federal ak lwa leta yo ka pèmèt lopital sa a patisipe nan oganizasyon avèk lòt konpayi k ap bay swen lasante, konpayi asirans, e tout lot moun ki gen kontra avèk yo. Enstitisyon sa yo gen dwa pataje enfòmasyon sou sante mwen youn ak lòt. Anplis, sa va pèmèt yo amelyore dosye lasante, pran mwens tan pou yo jwen enfòmasyon sou sante mwen. Sa va pèmèt tou rasanble epi konpare enfòmasyon m pou amelyore ranman swen lasante, ak tout lòt rezilta ke lalwa pèmèt. Mwen konprann ke lopital sa a kapab manm youn ou lòt nan oganizasyon yo. Akò m bay la gen ladan l kondisyon sikolojik, depandans chimik, maladi enfeksyon, maladi nan zo, sida, etc.

Nouvèl pou zanmi ak manm fanmi

Mwen bay pèmision pou yo kominike manm fanmi an ak moun sa yo nouvel sante m, rezilta egzamen m, desizyon doktè m, e latrize

	Non	Relasyon	Nimewo kontak
1.			
2.			
3.			

Konsantman imèl pou pran randevou oubyen lòt kominikasyon sou lasante: Nou ka voye imèl ou tèks mesaj bay moun malad la ki sou lis nou, pou nou fè yo sonje yon randevou, pou nou konnen sa yo panse de ekip nou an, oubyen pou nou bay ransèyman sou zafè lasante.

Si m te bay yon adrès imèl pou yo kontakte m, mwen dakò pou yo sèvi avè l pou yo fè m sonje randevou, oubyen pou yo voye tout lòt kominikasyon sou sante m.

_____ (Inisyal malad la) Mwen dakò pou yo voye tèks mesaj sou sèlfòn mwen.

Depi m pa chanje nimewo a, lopital la ka kontinye voye imèl ak tèks mesaj sou sèlfòn mwen.

Men nimewo yo ka sèvi pou fè m sonje randevou, ban m enfòmasyon sou sante m, oubyen chèche konnen sa m panse de yo _____

Men adrès imèl yo ka sèvi pou fè m sonje randevou, ban m enfòmasyon sou sante m, oubyen chèche konnen sa m panse de yo _____

Lopital la pa fè moun peye pou sèvis sa a, men konpayi telefòn pa w la ka byen fè w peye pou tèks mesaj (ale wè yo pou mande detay)

(Silvoupè, kontinye nan do paj la)

Anilasyon:

Mwen anile otorizasyon pou voye kominikasyon imèl ou tèks.

___ Mwen anile otorizasyon voye tèks mesay pou fè m sonje randevou, ban m enfòmasyon sou sante m, oubyen chèche konnen sa m panse de yo.

___ Mwen anile otorizasyon voye imèl pou fè m sonje randevou, ban m enfòmasyon sou sante m, oubyen chèche konnen sa m panse de yo.

NOT: Anilasyon an se pou lopital sa a sèlman.

Non moun malad la: _____

Siyati moun malad la oubyen siyati reprezantan li : _____

Dat: _____ Lè: _____

Otorizasyon pou yo fè foto m oubyen pou yo anrejistre m

_____ (Inisyal malad la) Mwen dakò pou yo fè foto m, videyo m oubyen anrejistre vwa m, lè y ap ban m tretman nan lopital, pou rezon sekirite osinon pou amelyore kalite sèvis la. Mwen konprann ke lopital la se mèt videyo ak anrejistreman yo, men mwen gen dwa mande yon kopi videyo ak anrejistreman yo, depi teknoloji a egziste amwens ke lalwa pa pèmèt sa. Mwen konprann ke yo va sere epitou proteje videyo ak anrejistreman yo. Lopital la pap ka pibliye videyo ak anrejistreman kote moun ka rekonèt mwen, sof si mwen menm osinon avoka m nou bay otorizasyon parekri, amwenske se pou tretman, pèman, oubyen lòt aktivite lasante, jan lalwa pèmèt.

[RETIRE PATI SA A SI NOU PA BEZWEN LI NAN LOPITAL LA]

Al chèche preskripsyon. Gen de lè ou ka bezwen yon zanmi oubyen yon manm fanmi al chèche preskripsyon nan biwo doktè w. Pou nou kapab bay moun sa a preskripsyon an, nou oblije gen non li nan achiv nou. Anvan nou remèt li preskripsyon an, moun nan sipoze montre yon kat didantite avèk foto li, epitou li dwe siyen pou resevwa preskripsyon an.

_____ (Inisyal malad la) Men moun ki gen dwa vin pran preskripsyon sou non m:

Non: _____ aat: _____

Non: _____ Dat: _____

_____ (Inisyal malad la) Mwen pa vle pèsou vin chèche preskripsyon sou non m.

Siyati malad la _____ Dat _____